



Mache pandan Sezon

**Vin jwenn nou pou fete Mache pandan Sezon Ivè
sou Wout an Sekirite pou Lekòl yo!
Mèkredi 2 fevriye 2022***



Chofe Kò ou avèk yon Mache pandan Sezon Ivè sa a. N ap bat bravo pou elèv k ap mache, monte bisiklèt, ak woule sou wout an sekirite pou Ale Lekòl (oswa nan lekòl) nan Mache pandan Sezon Ivè nou, ane sa a. Vin patisipe nan plezi a avèk lekòl ki tout kote nan Komonwèl la pou aktivite enteresan sa a.

Nou Genyen Freebies. Wout an Sekirite pou Lekòl yo kapab ede jwenn mwayen pou ankouraje sekirite, plezi, ak patisipasyon. Nou ka bay elèv yo makè ak etikèt pou liv gratis -- epi ou ka telechaje aktivite pou Mache pandan Sezon Ivè nan pòtay entènèt nou an.

Lekòl yo – Pa Manke Amizman an ! Pou fè santi prezans lekòl ak etidyan ou yo, enskri anliy nan adrès mass.gov/safe-routes-to-school/events.

Fanmi yo – Ankouraje Lekòl Nou enskri depi kounye a ! Si se nan lekòl vityèl ou ye nan jou pou Mache pandan Sezon Ivè a, ou ka patisipe toujou si ou pran yon ti tan deyò pou mache, monte bisiklèt, oswa woule nan katye ou.

Sezon Ivè pou WIN. Fè wè aktivite ou nan jou pou Mache pandan Sezon Ivè a, avèk foto ak videyo ou poste (pa bliye tag nou !) nan Facebook, Instagram, oswa Twitter nan adrès **#MASRTS**, ak **#WinterWalk2022**.



*oubyen nenpòt jou nan mwa fevriye a, ki pi bon pou lekòl ou a

